

### SÈVIS SANTE POU PWOBLÈM ALKÒL AK DWÒG

Nou ofri sèvis prevansyon pou jèn ak granmoun ansanm ak sèvis tretman ki koresponn ak idantifikasyon sèksyèl presi moun nan pou pasyan klinik ekstèn, ki gen ladan Tretman Atravè Medikaman (MAT, Medication Assisted Treatment) pou granmoun. Evalyasyon san randevou yo fèt lè Lendi, Madi ak Jedi. Orè sèvis yo varye selon pwogram nan. Rele pou jwenn detay.

<b>Telefòn:</b>	Sèvis Tretman: 614-645-6839 <p>Sèvis Prevansyon: 614-645-2457</p> Sèvis Pou Redui Danje: 614-645-6612
<b>Orè:</b>	Len.-Jedi: 8 a.m.-6:30 p.m. <p>Van.: 8 a.m.-5 p.m.</p>

### KONTWÒL SOU MÒDE BÈT, BÈT DANJERE AK BÈT KI GEN LARAJ

Jere ka mòde bèt ak plent Sant Sèvis 311 lan, bay pèmi pou fèm ki posede bèt, epi bay enfòmasyon sou bèt ak sante piblik.

**Telefòn:** 614-645-6134

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

### TIBEBE AK MWEN SAN TABAK

Ofri sèvis endividyèl pou sispann fimen bay manman ki ansent, ak fòmasyon, sipò ak daypè gratis pandan ak apre gwosès la.

Enskripsyon ak sesyon yo se sou randevou.

**Telefòn:** 614-645-2135

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

### AKDENESANS AK SÈTIFIKA DESÈ (Estatistik Esansyèl)

Bay kopi legal akdenesans ak sètifika desè pou Vil Franklin nan; \$25 frè. Enfòmasyon sou www.publichealth.columbus.gov.

**Telefòn:** 614-645-7331

**Orè:** Len., Mad., Jed. ak Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

Mèk.: 9 a.m.-4:15 p.m.

*Sèvis san randevou, menm jou Lendi-Vandredi; fèmèn a 4 p.m.*

### LISANS ATIZAY KÒPORÈL

Enspekte ak otorize etablisman tatou ak pèsaj kòporèl.

**Telefòn:** 614-645-7005

**Orè:** Len., Mad., Jed. ak Van.: 7:45 a.m.-4:45 p.m.

Mèk.: 10 a.m.-4:45 p.m.

### PWOGRAM CHÈZ MACHIN

Fè tchèk sekirite chèz machin epi ofri chèz machin ki bon mache pou fanmi ki elijib yo.

**Telefòn:** 614-645-7748

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### SANT POU INOVASYON SANTE PIBLIK

Kolabore ak lot òganizasyon asosye pou ankouraje ekite rasyal atravè ranfòsman relasyon kominotè yo, pou ramne vwa kominote a nan espas kote yo ap pran desizyon yo, pou bay asistans teknik, epi pou fè rekòmandasyon nan devlopman lwa piblik yo. Aksyon ki amelyore ekite rasyal ap amelyore ekite pou tout moun.

**Telefòn:** 614-645-0867

**Imèl:** CPHInnovation@columbus.gov

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### PREVANSYON BLESÌ LAKAY TIMOUN

Bay enfòmasyon ak sèvis pou anpeche blesi lakay timoun piti ak lanmò swisid lakay jèn.

**Telefòn:** 614-645-1667

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### COLUMBUS CARE COALITION

(Kominote, Aksyon, Rezilyans, Otonomizasyon)

Ofri sèvis pou trete twomatis, fòmasyon, sansibilizasyon ak

resous pou jere kriz nan kominote a.

**Telefòn:** 614-645-6248

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### PLAN VIL COLUMBUS AK KONTE FRANKLIN POU JERE ADIKSYON

Travay pou redui ovèdoz, lanmò ovèdoz ak maladi atrapan pa mwayen prevansyon abi ak adiksyon opyoyid, diminye kantite lanmò ki gen rapò ak opyoyid, elaji aksè tretman, ak amelyore sekirite kominote a.

**Telefòn:** 614-645-0803

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

*Pou yon ijans sante mantal oswa ki gen rapò ak abi sibstans, rele liy dirèk Netcare Access Crisis la: 614-276-CARE (2273).*

### LIY DIRÈK DWA POU JWENN ENFÒMASYON KOMINOTÈ

Kontwole epi bay enfòmasyon sou pwodui chimik yo itilize oswa estoke nan vil Columbus/konte Franklin.

**Telefòn:** 614-645-6275

**Orè:** Len.-Van.: 7:45 a.m.-4:45 p.m.

### KLINIK DANTÈ

Ofri sèvis dantè debaz yo, tankou egzamen, radyografi, netwayaj, plonbaj, rache dan, reparasyon kèk kanal dantè ak reparasyon fo dan. Ijans san randevou (orè yo varye).

**Telefòn:** 614-645-7487

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4 p.m.

*(fèmèn chak jou soti midi-1 p.m.)*

### PWOGRAM SELAN DANTÈ

Mete selan dantè (kouvèti an plastik) sou molè pèmanan ki pa deyè yo pou elèv klas 2yèm ak 6yèm ane ki nan lekòl nan zòn Columbus. Pa gen okenn frè, men yo ka faktire kèk asirans.

**Telefòn:** 614-645-6853

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-3:30 p.m.

### PWOJÈ KONEKSYON DIRÈK

Bay sèvis gratis sou jesyon dosye sante pou yon tan kout, bay referans PrEP ak konekte sila yo ki riske atrap VIH ak sèvis sosyal pou ede ak bezwen de baz yo epi ede yo rete VIH-negatif.

**Telefòn:** 614-645-6883

**Orè:** Len., Mad., Mèk. ak Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

Jed.: 8 a.m.-5 p.m.

### PREPARASYON POU KA IJANS

Ranfòse kapasite Columbus pou fè preparatif epi jere ka ijans yo atravè kolaborasyon l ak lòt ajans yo, devlope ak pratike plan ijans, kontwole maladi, ak bay sekouris yo fòmasyon.

**Telefòn:** 614-645-7944

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### KWAPE EPIDEMI VIH LA

Konsantre sou dyagnostik VIH, tretman, prevansyon, epi jere epidemi nan zòn santral Ohio a. Ofri sèvis sipò pou moun k ap viv ak VIH ansanm ak sila yo ki teste negatif pou VIH.

**Telefòn:** 614-645-CARE (2273)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

### EPIDEMYOLOJI

Rasanble, anilize ak entèprete done pou evalyasyon sante kominotè epi planifikasyon ak evalyasyon pwogram; bay sèvis sekirite; epi prepare pou adrese ak jere menas piblik yo.

**Telefòn:** 614-645-6252

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### LISANS AK PWOTEKSYON MANJE

Otorize ak enspekte operasyon sèvis manje yo ak biznis pwodui alimantè an detay yo, epi ofri atelye pou travayè alimantasyon yo.

**Telefòn:** 614-645-7005

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

### REPÒTAJ MALADI MANJE LAKOZ

Ankete sou plent piblik la pote sou maladi manje lakoz.

**Telefòn:** 614-645-1791

**Orè:** Len.-Van.: 7:45 a.m.-4:45 p.m.

### ASOSYASYON SISTÈM SWEN SANTE KONTE FRANKLIN/ SISTÈM REPOS MEDIKAL METWOPOLITÈN COLUMBUS

Plan pou ijans medikal ki enplike evènman chimik, byolojik, radyolojik, nikleyè ak eksplozif.

**Telefòn:** 614-645-3567

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### LOJMAN KI BON POU SANTE

Bay konsiltasyon nan telefòn sou danje ki gen nan lojman yo ak asistans pou fanmi timoun ki entoksike avèk plon.

**Telefòn:** 614-724-6000

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

### LEKÒL KI BON POU SANTE

Enspekte lekòl piblik ak prive yo pou pwoteje sante ak sekirite timoun yo atravè prevansyon danje.

**Telefòn:** 614-645-7005

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

### EPATIT C - KONEKSYON AK SWEN

Fè swivi ak moun ki teste pozitif pou Epatit C epi konekte yo ak kote pou yo fè plis tès, jwenn plis fòmasyon, swen sante, transpò, asirans, ak lòt sèvis sipò.

**Telefòn:** 614-645-CARE (2273)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

### RESOUZIMÈN

Ofri rekritman pòs, relasyon travay ak jesyon resouzimèn.

**Telefòn:** 614-645-6238

**Orè:** Len.-Van.: 7 a.m.-4 p.m.

*Liy Travay Fonksyon Piblik: 614-645-7667 (24/24, Len.-Van.)*

### SÈVIS VAKSINASYON

Ofri vaksen ak fòmasyon pou timoun ak granmoun.

**Telefòn:** 614-645-8180

614-645-7559 (Pwojè L.O.V.E. ak Sansibilizasyon)

shots@columbus.gov

**Imèl:** Len.: 8 a.m.-4:15 p.m.

Mad.: 10 a.m.-6:15 p.m.

Mèk.: 8 a.m.-11:15 a.m.

Jed. ak Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

*Klinik lan ka sispann pran pasyan byen bonè si li vin plen.*

**Orè Klinik Worthington (600 High St., Worthington):**

1-4 p.m., 1ye Mèk. nan chak mwa

### SOMÈY TIBEBE SAN DANJE

Òganize fòmasyon ak sèvis somèy tibebe san danje pou diminye lanmò tibebe ki gen rapò ak somèy.

**Telefòn:** 614-645-1762 (pou enfòmasyon sou pwogram nan)
614-645-3111 (pou yon bèso pòtab; jiska dire estòk la)

**Orè:** Len.-Van.: 7:30 a.m.-4 p.m.

### ENVESTIGASYON MALADI ENFEKTYE

Mennen Ankèt sou ka maladi atrapan yo rapòte yo, kontwole maladi nan kominote a, epi anpeche maladi pwopaje.

**Telefòn:** 614-645-1474 oswa 645-7417 (nimewo apèl ijans a nenpòt moman)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### SISTÈM REPÒTAJ MALADI ATRAPAN

Rann repòtaj maladi kontajye bay depatman sante lokal la fasil ak efikas. Prepare pou pwofesyonèl swen sante ak laboratwa sèlman.

**Telefòn:** 614-525-8888 (24/24)

**Sitwèb:** www.idrsinfo.org

**Faks:** 614-525-8890

### PWOGRAM ANTI-VYOLANS LINDEN

Ofri yon plan prevantif konplè pou diminye vyolans nan zòn Linden atravè idantifikasyon moun ki ka plis gen tandans angaje nan aktivite vyolan yo ak atravè entèvansyon nan sikonstans ki kapab vin vyolan yo.

**Telefòn:** 614-645-5060

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### KONEKSYON AK PWOGRAM SWEN AK RETANSYON

Bay sèvis pou konekte epi re-angaje moun yo fèk dyagnostike oswa k ap viv ak VIH/SIDA ki tonbe nan yon eta san swen pou 6 mwa oswa plis. Li sèvi konte Franklin, Licking, Delaware, Morrow, Union, Madison, Pickaway ak Fairfield.

**Telefòn:** 614-645-CARE (2273)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

### VIZIT LAKAY MANMAN-TIMOUN

Ofri kowòdinasyon swen gratis, adomisil epi ki santrè sou fanmi nan men enfimye otorize, travayè sosyal ak travayè sansibilizasyon pou ankouraje manman, papa, tibebe ak tout fanmi an viv an sante. Sèvis yo konsantre sou ogmante aksè fanmi an pou yo jwenn swen sante ak resous kominotè yo, amelyore rezilta nesans yo ak bay fòmasyon. Gen sèvis sipò patènite ki disponib tou.

**Telefòn:** 614-724-BABY (2229)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### ASISTANS MOBIL POU JERE KA IJANS

Ofri sipò dirèk nan kominote a apre yon apèl 911 epi bay evalyasyon ak entèvansyon an pèsòn pou adrese bezwen endividyèl moun k ap viv yon moman difisil.

**Telefòn:** 614-645-4545

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

### TRAVAY SOSYAL NAN KATYE

Konekte abitan yo ak resous epi bay referans/koneksyon pou kreye anvivwònman sosyal, fizik ak ekonomik ki ankouraje sante ak byennèt tout moun. Bay sèvis nan lokalite katye yo tankou bibliyotèk, Sant Fyète Katye yo ak evènman kominotè yo.

**Telefòn:** 614-645-6807 (Liy Èd Travay Sosyal)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4 p.m.

## YON KATYE ALAFWA

Yon entèvansyon nan mikwokominote yo ki vize amelyore sante ak byennèt nan katye yo youn alafwa.

**Telefòn:** 614-645-6248

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

## REPONS NAN KA EPIDEMI

Ankete epi jere epidemi yo pou anpeche maladi epi pwoteje kominote a.

**Telefòn:** 614-645-6578

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

## AMELYORASYON PLANIFIKASYON AK KALITE SÈVIS YO

Kòdone amelyorasyon swen kominote ak planifikasyon estratejik pou Columbus Public Health; mezire satisfaksyon kliyan yo; gide inisyativ amelyorasyon kalite sèvis yo; epi kontwole pefòmans ak respè pou estanda sante yo parapò ak estanda depatmantal, eta ak nasyonal yo.

**Telefòn:** 614-645-6052

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

## PRIMARYONE HEALTH

Ofri swen sante debaz, obstetrik, pedyatrik, vizyon ak dantè pou tout laj. Rele pou yon randevou.

**Telefòn:** 614-645-5500

**Sitwèb:** [www.primaryonehealth.org](http://www.primaryonehealth.org)

## ZAFÈ PIBLIK AK KOMINIKASYON

Travay ak medya yo, bay piblik la enfòmasyon atravè medya sosyal ak tradisyonèl yo, kowòdone demann konsènan dosye piblik yo, epi devlope kanpay alantou edikasyon sante piblik yo.

**Telefòn:** 614-645-7213

**Orè:** Len.-Van.: 8:30 a.m.-5 p.m.

## PWOGAM REROUTE AK ANGAJMAN FANMI

Ofri sèvis ankadreman pou jere twomatis tankou, konsèy, jesyon dosye, akonpayman, ak resous pou konekte adolesan ki nan laj 13-21 lane k ap sibi vyolans zam oswa ki plis andanje pou sibi vyolans zam. Anplis, ofri fanmi yo èd yo bezwen pou kore pwogrè pitit yo atravè entèvansyon ki djanm epi ki montre respè, gwoupman ak inisyativ.

**Telefòn:** 614-645-5822 (Pwogram ReRoute)

614-674-0895 (Angajman Fanmi)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

## EKIP REPONS APWOPRIYE

Pwofesyonèl sante klinik ki lisansye ap bay yon lòt kalite repons fas ak apèl 911 Emergency Communications Center (Sant Kominikasyon Ijans) ak apèl triyaj ki gen pou wè ak sante mantal oswa sèvis sosyal, konsa, y ap abandone apwòch tradisyonèl lapolis la pou yo anbrase yon apwòch menm jan ak yon konseye kriz kominote.

**Imèl:** [RRU@columbus.gov](mailto:RRU@columbus.gov)

**Orè:** Len.-Van.: 8:30 a.m.-12 a.m.

## PWOGAM RYAN WHITE

Konekte ak kenbe moun k ap viv ak VIH/SIDA nan swen, ki gen ladan swen medikal ak mantal, tretman abi alkòl ak dwòg, ak lojman ak asistans pou peye bil. Li sèvi konte Franklin, Licking, Delaware, Morrow, Union, Madison, Pickaway ak Fairfield.

**Telefòn:** 614-645-CARE (2273)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

## KOMINOTE SAN DANJE

Ankouraje sekirite sou wout atravè yon kowalisyon kominote k ap konsantre sou itilizasyon senti sekirite, bwè alkòl sou volan, eksè vitès, sekirite pou pyeton ak bisiklèt, sekirite adolesan k ap kondi, ti granmoun k ap kondi ak sekirite motosiklèt.

**Telefòn:** 614-645-2481

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

## SANTE SEKSYÈL AK SANT BYENNÈT

Bay swen sante repwodiktif konfidansyèl pou tout sèks, pou patnè yo ak adolesan yo; aksè pou fè tès, pou jwenn tretman ak fòmasyon sou prevansyon enfeksyon seksyèl; aksè ak egzamen anyèl pou prevansyon ak tès despistaj kansè; opsyon planing, ki gen ladan metòd ki dire lontan (enplan ak esterilè); tès gwosès; ak mwayen pou sispann fimèn tabak. Rele pou pran yon randevou. Aksepte asirans. Tarif ki baze sou kantite moun ki nan fanmi an ak revni fanmi an.

**Telefòn:** 614-645-7774

614-645-6757 (Espanyòl)

**Orè:** Len.: 8 a.m.-4:15 p.m.

Mad.: 10 a.m.-6:15 p.m.

Mèk.: 8 a.m.-12:15 p.m.

Jed. ak Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

## EKIP ENFIMYÈ ESTRATEJIK

Ofri opòtinite vaksinasyon nan tout kominote a, akonpanye sansibilizasyon nan ka ijans kominote, epi bay fòmasyon pou jere pwogram "Stop The Bleed" ak pou distribisyon Narcan (Naloksòn).

**Telefòn:** 614-645-7968

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

## PREVANSYON AK KONTWÒL TABAK

Otorize, edike ak enspekte detayan tabak yo pou yo konfòme yo ak règleman Kòd Vil Columbus ak règleman Kòd Sante Vil Columbus yo; asire ankèt sou plent ak aplikasyon lalwa dapre lwa Eta Ohio a ki mande pou pa gen fimèn nan espas travay yo (Lwa pou Travay san efè Fimèn); epi, travay ak patnè kominote yo pou ankouraje ak sipòte prevansyon itilizasyon tabak.

**Telefòn:** 614-645-7005 (enfòmasyon jeneral sou pwogram nan)

866-559-OHIO (plent sou Espas Travay san Fimèn)

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

## PWOGAM TIBÈKILOZ (TB)

Bay tès depistaj, tretman, jesyon dosye, edikasyon ak konsèy pou abitan vil Columbus ak konte Franklin ki gen tibèkiloz aktif; idantifye epi evalye kontak moun ki gen tibèkiloz aktif; epi, evalye nesite pou trete nouvo imigran ak refijye ki rive; epi bay sèvis konsiltasyon kominote ak konsiltasyon medikal pwofesyonèl, ak sèvis fòmasyon.

**Telefòn:** 614-645-2199 (pou pran yon randevou)

614-645-1823 (rapòte ka tibèkiloz aktif oswa ka yo sispek)

614-645-6518 (enfòmasyon kominote oswa

pwofesyonèl medikal oswa fòmasyon)

**Orè:** Len.: 8 a.m.-2:15 p.m.

Mad.: 10 a.m.-6:15 p.m.

Mèk.: 8 a.m.-11:15 a.m.

Jed. ak Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

## KONTWÒL PWOPAJÈ MALADI

Siveye ak kontwole moustik ak wonjè pou anpeche maladi, enspekte pisin prive pou anpeche moustik repwouvi, epi bay konsiltasyon sou kontwòl ensèk.

**Telefòn:** 614-645-3111 (liy apèl 24/24) oswa 614-645-7005

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

## GWROUP REVIZYON KRIM VYOLAN

Travay ak ajans Vil yo pou bay yon repons rapid a krim vyolan yo, evalye omisid yo, epi bay entèvansyon pou redui enpak ak pousantaj omisid nan kominote a.

**Telefòn:** 614-424-9340

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

## VOICE (Violence Outreach, Intervention, Community Engagement [Sansibilizasyon kont Vyolans, Entèvansyon, Angajman Kominote])

Ede moun ki viktim krim vyolan Grant Hospital te refere yo, bay rezolisyon konfli, jere kriz kominote, ak jesyon dosye pou repoune ak bezwen pou fòmasyon, travay oswa lojman. Anplis, bay sèvis ankadreman pou konekte patisipan yo ak sèvis sosyal yo bezwen.

**Telefòn:** 614-424-9340

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-5 p.m.

## PWOTEKSYON DLO

Otorize ak enspekte pisin piblik yo, espa, pak fontèn, pi dlo prive yo, sistèm dlo egou kay yo ak semi-piblik (ti komès) ak enstalasyon fatra solid pou yo konfòme yo ak règleman Ohio yo. Ofri fòmasyon operatè pisin tou.

**Telefòn:** 614-645-7005

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

## WIC (Women, Infants & Children Program [Pwogram pou Fanm, Tibebe ak Timoun])

Bay manje sipleman, sipò pou alètman ak fòmasyon sou nitrisyon pou fanm ki ansent, k ap fè alètman, ki fin akouche, epi pou tibebe ak timoun jiska laj 5 an. Rele pou pran yon randevou.

**Telefòn:** 614-645-7280

**Orè:** Len., Mek. ak Jed. 7:30 a.m. - 4:30 p.m.

(Fèmen ant 12:30- 1 p.m.)

Mad.: 9 a.m.-6:30 p.m. (Fèmen ant 2-3 p.m.)

Van.: 7:30 a.m.-11 a.m.

## SANT SANTE AK BYENNÈT FANM

Bay swen sante repwodiktif konfidansyèl pou tout sèks, pou patnè yo ak adolesan yo; aksè pou fè tès, pou jwenn tretman ak fòmasyon sou prevansyon enfeksyon seksyèl; aksè ak egzamen anyèl pou prevansyon ak tès despistaj kansè; opsyon planing, ki gen ladan metòd ki dire lontan (enplan ak esterilè); tès gwosès; ak mwayen pou sispann fimèn tabak. Rele pou pran yon randevou. Aksepte asirans. Tarif ki baze sou kantite moun ki nan fanmi an ak revni fwaye a.

**Telefòn:** 614-645-1850

614-645-5907 (Liy randevou Espanyòl)

**Orè:** Len.: 8 a.m.-4:15 p.m.

Mad.: 10 a.m.-6:15 p.m.

Mèk.: 8 a.m.-12:15 p.m.

Jed.: 8 a.m.-8 p.m.

Van.: 8 a.m.-4:15 p.m.

## INISYATIV BYENNÈT JÈN

Ankouraje byennèt adolesan atravè pwogram sou seksyalite ak repwodiksyon ki baze sou lasyans.

**Telefòn:** 614-645-0952

**Orè:** Len.-Van.: 8 a.m.-4:30 p.m.

*Orè ak disponiblite sèvis yo ka chanje. Tanpri rele alavans.*

*Fèmen pandan jou ferye Vil la ak lòt dat yo chwazi.*

*Sèvis entèpretasyon lang disponib nan Columbus Public Health. Konsilte anplwaye yo pou asistans.*

*Mizajou 1/2024*



COLUMBUS  
PUBLIC HEALTH

📍 240 Parsons Ave., Columbus

📞 614-645-7417

✉ [health@columbus.gov](mailto:health@columbus.gov)

🌐 [publichealth.columbus.gov](http://publichealth.columbus.gov)

